



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV \$1.4 MILYA “VITAL BROOKLYN” LAN POU TRANSFÒME REJYON SANTRAL BROOKLYN LAN

Nouvèl Apwòch Entegre sa a pral Reponn a Inegalite Sosyal, Ekonomik, ak Sante Kronik nan Rejyon Santral Brooklyn lan

Plan an pral Sible epi Envesti nan Uit Domèn Entegre, k ap Kreye Nouvo Modèl Pou Devlopman ak Byennèt Kominotè

Inisyativ la pral Sèvi kòm yon Modèl Nasyonal pou Kominote ki Gen plis Bezwen yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Inisyativ \$1.4 milya Vital Brooklyn lan ki pral transfòme rejyon Santral Brooklyn lan. Pwopozisyon inovatif sa a pral sible ak investiman nan uit domèn entegre, k ap etabli yon modèl nasyonal pou reponn a pwoblèm inegalite kronik, tankou vyolans sistèmik ak rasin povrete nan kominote ki gen plis bezwen yo.

Plan global sa a pral konsantre sou ogmantasyon aksè a espas ouvè yo ak pwodwi alimantè nourisan, pandan l ap transfòme sistèm swen sante a lè li ogmante aksè a kalite sèvis swen sante ak swen prevantatif yo. Vital Brooklyn pral kreye tou, yon rejyon Santral Brooklyn ki pi solid, pi dirab lè li priyore investiman estratejik sa yo nan rezistans ak abòdabilite lojman, ansanm ak kreyasyon djòb, devlopman jèn yo, ak prevansyon vyolans nan kominote a.

“Pandan twò lontan investiman nan kominote defavorize yo te manke estrateji nesèsè pou mete fen a inegalite sosyal ak ekonomik sistèmik lan, men jodi a n ap sispann adopte apwòch echwe sa yo nan rejyon Santral Brooklyn,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Nou pral anplwaye yon nouvo plan istorik ki pral pote sante ak byennèt bay youn nan pati ki pi defavorize nan eta a yo. Chak Nouyòkè merite viv nan yon katye ki gen sekirite avèk aksè a djòb, swen sante, lojman abòdab, espas vèt, ak pwodwi alimantè nourisan men nou pa ka rezoud youn san nou pa rezoud tout. Jodi a, nou kòmanse kreye yon avni ki pi briyan pou Brooklyn, epi n ap fè New York vin yon modèl pou devlopman kominote ki gen anpil bezwen toupatou nan peyi a yo.”

Endikatè sosyal ak ekonomik la yo montre rejyon Santral Brooklyn lan se youn nan zòn ki pi defavorize nan tout Eta New York la, avèk to obèzite, dyabèt, ak tansyon ki sansibman pi elve, aksè limite a pwodwi alimantè nourisan oswa opòtinite pou fè aktivite fizik, to elve nan vyolans ak krim, gran inegalite ekonomik soti nan chomaj rive nan nivo povrete, ak aksè inadekwat a bon jan kalite sèvis swen sante ak sèvis pou sante mante.

Vital Brooklyn pral kraze baryè ki anpeche aksè a sante ak byennèt sa yo a travè investisman nan uit domèn entegre sa yo:

- Espas Ouvè ak Lwazi
- Pwodwi Alimantè Nourisan
- Swen Sante Kominotè
- Devlopman Global nan Edikasyon ak Devlopman Jèn yo
- Responsabilizasyon Ekonomik ak Kreyasyon Djòb
- Prevansyon Vyolans Kominotè
- Lojman Abòdab; ak
- Rezistans

VITAL BROOKLYN

Espas Ouvè ak Lwazi

Aktyèlman, rezidan rejyon Santral Brooklyn yo gen kèk nan mwens opòtinite pou yo fè egzèsis fizik nan tout eta nèt. Anfèt, 84 pousan moun rejyon Santral Brooklyn yo rete san yo pa fè okenn aktivite fizik nan mwa ki sot pase a sèlman, ki 30 pousan pi wo pase rès eta a.

Pou nou asire rezidan yo gen aksè a sèvis lwazi, nati ak espas ouvè, Vital Brooklyn pral:

- Elimine zòn “dezè pak yo” lè nou konstwi espas vèt ak revitalize etablisman atletik yo pou mete youn nan lespas 10 minit apye de chak katye.
- Amenaje enfrastrikti sèvis nan plis pase yon douzèn jaden kominotè ak lakou lekòl pou kreye espas piblik pou lwazi ak aktivite fizik
- Kreye plis pase senk zòn pou espas lwazi ak devlopman lojman eta finans yo
- Amelyore ak amenaje etablisman lwazi ki la deja yo a travè opòtinite sibvansyon yo

Pwodwi Alimantè Nourisan

Jodi a, youn nan kat moun rejyon Santral Brooklyn yo pa gen sekirite alimantè -- prèske twa fwa kantite onivo eta a -- ki vle di yo manke aksè a kalite ak varyete nan rejim alimantè yo, sa ki lakoz yo soufri dyabèt, obezite ak lòt pwoblèm sante yo.

Pou nou pwomouvwa mòdvi an bòn sante, Vital Brooklyn pral ogmante aksè a pwodwi alimantè nourisan a travè:

- Inisyativ soti nan fèm monte sou tab la (Farm-to-Table) ki konekte fanmi nan Rejyon Nò a yo ak fanmi Rejyon Sid yo, sa k ap montre fòmasyon jèn yo pou yo gen djòb ak abitud sante k ap dire tout lavi yo.

- Ogmante aksè a pwodwi alimantè ki kiltive onivo lokal yo lè nou ajoute plis pase yon douzèn nouvo mache agrikòl nan lekòl kominotè yo
- Founi fòmasyon pou djòb bay jèn atravè Federasyon Anseyan Ini an (United Federation of Teachers) pou yo devlope konpetans antreprenaryal yo
- Founi jaden kominotè ki la deja yo avèk resous adisyonèl pou agrandi sèvis yo.

Swen Sante Kominotè

Lè nou konpare l ak rès eta a, rejyon Santral Brooklyn lan manke aksè a doktè swen primè ak lòt sèvis sante mantal ki enpòtan anpil yo. Estatistik aktyèl yo montre gen sèlman 55 doktè swen primè sou chak 100,000 moun nan rejyon Santral Brooklyn, pandan kantite mwayèn onivo eta de fwa plis. Anplis de sa a, gen 497 vizit nan sal ijans sou chak 1,000 moun nan rejyon Santral Brooklyn lan, yon kantite ki kite kantite an mwayèn onivo eta deyè nèt.

Kominote yo bezwen aksè a etablisman swen sante ki rekonèt epi priyore bezwen inik moun yo, se sa ki fè Vital Brooklyn:

- Pral ranfòse etablisman swen sante lokal yo pou yo elimine eka yo epi ogmante sèvis yo ofri yo
- Pral transfòme sistèm swen sante a lè nou ogmante aksè a bon jan kalite sèvis ak swen prevantatif
- Pral devlope yon rezo ki gen 36 lokalite swen anbilatwa ki pral gen ladan patenarya ak founisè ki deja baze nan kominote a yo

Devlopman Global nan Edikasyon ak Devlopman Jèn yo

Jounen jodi a, yon edikasyon byen ekilibre mande plis pase aprantisaj nan sal klas. Pwogram Billion Oyster Project la ak pwogram Jistis Anviwonmantal ki nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta a (State Department of Environmental Conservation's Environmental Justice) pral ekspoze jèn ki a risk yo a aprantisaj pratik sou restorasyon bèj litoral yo ak restorasyon abita nan bè Jamaica Bay a.

Vital Brooklyn pral devlope efò sa yo lè li:

- Ajoute plis pase 30 nouvo lokalite ki dedye a edikasyon sou anviwonman atravè kominote a
- Agrandi pwogram detid pwojè Billion Oyster Project ki baze nan lekòl yo pou l vin gen 20 sit, ekspoze plis pase 9,500 etidyan a restorasyon abita zwit yo ak Pwojè Dig Anvi Staten Island lan (Staten Island Living Breakwaters Project)
- Rantabilize Pwogram Jistis Anviwonmantal DEC a pou angaje jèn a risk yo nan fòmasyon pou djòb vèt yo ak pwojè restorasyon abita yo

Devlopman Ekonomik ak Kreyasyon Djòb

Byenke gen plizyè kominote atravè Eta New York la yo ki ap fè ekperyans redemaraj ekonomik pandan sis ane ki sot pase yo, redrèsman ekonomik lan pran plis tan pou l rive jwenn rejyon Santral Brooklyn lan kote to chomaj la prèske twa pousan pi wo pase to chomaj Vil New York la. Pou nou kase chèn tandans sa a epi relanse kwasans nan kominote sa a, Vital Brooklyn pral bay rezidan ki gen tout laj, resous yo bezwen pou yo santi responsabilizasyon ekonomik, ki gen ladan alfabetizasyon finansyè ak pwogram

fòmasyon sou djòb ak plasman nan travay.

Espesifikman Vital Brooklyn pral:

- Ajoute 7,600 nouvo anplwaye atravè pwogram pou Atake Chomaj Brooklyn lan avèk Fòs (Brooklyn Unemployment Strikeforce), k ap prepare mendèv la pou yo satisfè nouvo demann mache a
- Agrandi pwogram Fòs Vil Vèt Americorps la (Green City Force AmeriCorps), k ap founi jèn NYCHA yo opòtinite pou yo touche plis lajan
- Fòme plis pase 1,200 moun nan metye konstriksyon atravè Pwogram Fòmasyon Travayè Chome yo (Unemployed Workers Training Program)
- Founi lidèchip, edikasyon ak konpetans fòmasyon travay bay plis pase 300 etidyan atravè inisyativ Devlopman Mendèv CUNY an (CUNY's Workforce Development Initiative)
- Deplwaye Sant Kòmand Mobil (Mobile Command Center) pou ogmante alfabetizasyon finansyè

Prevansyon Vyolans Kominotè

Rejyon Santral Brooklyn lan t ap lite kont vyolans ki mete rezidan l yo a risk depi plizyè ane. Anfèt, to omisid nan rejyon Santral Brooklyn lan prèske twa fwa to mwayèn atravè eta a. Pou nou rann katye yo pi an sekirite, Vital Brooklyn pral agrandi pwogram prevansyon vyolans lan, kreye nouvel opòtinite pou jèn yo pran angajman epi ogmante sèvis sipò pou viktim yo lè nou:

- Sipòte inisyativ kominotè SNUG la k ap fè sansibilizasyon ak prevansyon sou vyolans zamafe
- Amelyore plis pase 20 pwogram k ap lite kont vyolans zamafe yo
- Etabli nouvo pwogram Midnight Basketball la atravè kominote a lè nou fè patenarya ak gwoup lokal yo

Lojman Abòdab

Chak fanmi merite yon kote san danje ki desan pou yo viv. Rezidan rejyon Santral Brooklyn yo peye apeprè mwayèn nan revni total fanmi yo nan lwaye sèlman -- an konparezon ak 32 pousan revni fanmi nan tout eta a. Vital Brooklyn pral kreye nouvel opòtinite lojman abòdab k ap ankouraje mòdvi aktiv epi ogmante aksè a swen prevantatif.

Espesifikman Vital Brooklyn pral:

- Konstwi plis pase 3,000 nouvo inite lojman abòdab pou plizyè fanmi nan sis lokalite Eta posede k ap pran an konsiderasyon opinyon kominote a sou opsyon ki gen ladan yo:
 - Sèvis sipò, lojman pou moun ki gen enkapasite devlopmanal yo, granmoun aje yo ak moun ki soti nan prizon yo
 - Espas ouvè ki aksesib pou popilasyon an
 - Chemen pou moun ka vin posede pwòp kay yo

Rezistans

Rejyon Santral Brooklyn lan fè fas a yon defi doub kote yo vilnerab fas a move tan,

pandan bezwen pou elekrisite reyon an ap ogmante. Pou nou rann Brooklyn vin yon kominote ki pi dirab ak pi rezistan sou pwendvi anviwonmantal, Vital Brooklyn pral:

- Envesti nan pratik dirab yo, ki gen ladan sous enèji dirab ak repetitif, efikasite enèji ak fòmasyon sou djòb vèt yo.
- Redwi pri enèji pou mèt kay ak biznis yo atravè pwojè 382 [pano] solè la yo
- Konplete 62 pwojè enèji efikas pou plizyè fanmi ak 87 pou fanmi endividyèl yo
- Sipòte devlopman 15 nouvo pwojè kojenerasyon yo
- Fè vanse pwojè Clarkson Avenue Microgrid Project la, k ap konekte lopital Kings County Hospital, sant medikal SUNY Downstate Medical Center ak sant sikyatri Kingsboro Psychiatric Center avèk sous enèji rezistan pou alimantasyon sekou sou lèlye.

Inisyativ \$1.4 milya Vital Brooklyn lan deplwaye resous eta yo nan yon manyè estratejik, kowòdone pou kreye yon kominote ki pi an sante ak pi vibran. Finansman reflete nan Bidjè Egzekitif ane fiskal FY 2018 lan avèk eleman swivan sa yo

Espas Ouvè & Lwazi	\$140 milyon
Pwodwi Alimantè Nourisan	\$325,000
Devlopman Global nan Edikasyon & Devlopman Jèn yo	\$1.2 milyon
Responsabilizasyon Ekonomik ak Kreyasyon djòb	\$692,000
Prevansyon Vyolans Kominotè	\$800,000
Swen Sante Kominotè	\$700 milyon Investisman Kapital
Lojman Abòdab	\$563 milyon
Rezistans	\$23 milyon

Senatè Kevin Parker te di, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li rekonèt bezwen ijan nan reyon Santral Brooklyn lan epi l ap reponn avèk angajman ki finanse pou kowòdone sèvis eta yo. Yo bezwen apwouve l nan bidjè ane sa a epi lè yo apwouve l se aspirasyon nou pou Vital Brooklyn kòmanse yon nouvel è nan kominote nou an ki pral plen espwa ak opòtinite.”

Senatè Eta a, Jesse Hamilton te di, “Mwen byen akeyi Inisyativ “Vital Brooklyn” Gouvènè Cuomo a. Investisman \$1.4 milya sa a pral ranfòse travay anpil enstitisyon nan kominote yo ak òganizasyon katye yo ap fè, k ap chache satisfè bezwen moun Brooklyn yo. Lojman ki vrèman pi abòdab pou atake kris lojamn, travay sou prevansyon vyolans pou mete fen a angwas anpil fanmi ap fè fas, mezi nan sante piblik pou amelyore byennèt kominote nou an, investisman nan devlopman mendèv pou trase chemen pou karyè alavni, ak plis ankò. Investisman sa yo jistifye travay patnè kominotè ki devwe pou atake defi sa yo – inovatè tankou sila yo ki fè patenarya avè m ak kòlèg mwen yo pou nou etabli premye sant teknoloji ak byennèt nan yon lokalite lojman piblik Ozetazini nan Brownsville ane pase, epi semèn dènyè a sèlman nou te

agrandi inisyativ “Campus” la pou l rive nan Crown Heights. Epi investisman sa yo pral pèmèt nou reyalize pwomès pou yon Brooklyn ki pi abòdab, yon Brooklyn ki pi an sekirite, ak yon Brooklyn ki pi pwospè pou tout moun.”

Senatè Roxanne Persaud te di, “Vital Brooklyn se yon trè gran pa ki pral amelyore swen sante ak ofri sèvis global pou kominote defavorize yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske l ap travay ak lejislasyon yo sou efò enpòtan sa a.”

Manm Asanble Joseph Lentol te di, “Vital Brooklyn pral sipòte kominote nan rejyon Santral Brooklyn yo lè nou founi zouti pou responsabilize yo ak mwayen, soti nan aksè a pwodwi alimantè frèch ak espas ouvè rive nan investi nan devlopman mendèv ak kreyasyon djòb. Aprè anpil jenerasyon neglijan ak dezinvestisman, Gouvènè Cuomo te devlope yon inisyativ sible, temerè ak inovatif. Vital Brooklyn plis pase yon pwopozisyon – se yon deklarasyon ki di nou ka travay ansanm pou nou rann sa ki enposib posib. Mwen vivman ankouraje kòlèg mwen yo nan lejislasyon a pou yo apwouve plan enpòtan sa a ki nan bidjè ane sa a.”

Manm Asanble N. Nick Perry te di, “Rezidan rejyon Santral Brooklyn yo ki gen revni fèb oswa mwayen yo ap plis fè fas a flewo ekspilsyon ak sanzabri akòz mank lojman abòdab pou yo rete. Tout sa yo ap fèt pandan gen devlopman ki vo anpil milya dola k ap fèt nan lojman deliks yo ki pa menm founi anlwa pou rezidan zòn nan ki nan chomaj yo. Pou rann bagay yo pi mal ankò, yo pa prete okenn atansyon a bezwen swen sante yo akòz gen anpil moun nan kominote a ki pa gen asirans sante, sa k ap agrave ak ogmante pwoblèm sosyal ak ekonomik rejyon Santral Brooklyn lan ap konfwonte yo. Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a louwab, atan epi akeyan, epi mwen atann pou m patisipe avèk kòlèg mwen yo nan aplikasyon reyisi inisyativ sa a, ki pral yon benefis pou popilasyon nou reprezante an.”

Manm Asanble Erik M. Dilan te di, “Vital Brooklyn ap pran yon nouvel apwòch entegre anvè devlopman kominotè lè nou relye pwèn ant sèvis enpòtan yo ak resous k ap gen enpak siyifikatif sou lavi moun yo. Lè nou reponn a faktè tankou lojman, swen sante, kreyasyon djòb nan yon manyè global, nou amelyore opòtinite pou popilasyon an atenn tout potansyèl yo aplen. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li bay sou pwoblèm sa epi mwen vivman ankouraje kòlèg mwen yo nan lejislasyon a pou yo apwouve plan enpòtan sa a ki nan bidjè a.”

Manm Asanble Walter T. Mosley te di, “Plis aksè a bon jan kalite resous nan kominote a nesès pou estimile kwasans nan nenpòt rejyon. Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a pral itilize yon apwòch global pou ede rejyon Santral Brooklyn lan gen aksè a pwogram ki enpòtan anpil yo – soti nan lojman abòdab, rive nan inisyativ k ap ankouraje kreyasyon djòb ak ede redwi vyolans yo – sa ki nesès pou jenere kwasans ak responsabilize kominote a. Pwogram sa a se yon gwo investisman ki pral bay randman dividan pou rejyon Santral Brooklyn lan epi mwen ankouraje Lejislati a pou yo apwouve li.”

Manm Asanble Martiza Davila te di, “Nouyòkè vilnerab yo gen gran bezwen pou lojman sipèvize atravè tout vil la ak atravè eta a. Nan yon moman kote konstriksyon rapid gratsyèl deliks ap ranplase espas kote lojman ak sèvis pou granmounn aje ak fanmi nou yo plis bezwen yo te ye, se yon souf lè frèch pou nou wè yon pwojè ki konsantre sou byennèt global kominote a konsa a. Nou bezwen yo mete plan sa a nan bidjè eta ane sa a.”

Defansè Enterè Piblik Vil New York la, Letitia James te di, “Youn nan pi gwo defi nou ap konfwonte antanke yon vil se asire nou kreye ak mentni yon kominote ki an bòn sante. Plan pou kominote Brooklyn lan yo pral founi resous kotidyen soti nan lojman abòdab ak pwodwi alimantè nourisan, rive nan edikasyon, sipò pou jèn yo, prevansyon krim, ak sipò devlopman karyè. Mwen aplodi Gouvènè a pou lidèchip li bay nan efò sa a epi mwen atann pou m travay avèk li pou nou kreye yon New York ki pi solid, ki pi dirab pou tout moun.”

Prezidan Brooklyn Borough a, Eric Adams te di, “Katyè ki nan rejyon Santral Brooklyn yo ap lite depi byen lontan pou yo soti nan tandans move sante, povrete ak vyolans ki evitab sa yo. Lit la te baze lajman sou echèk sistemik lefèt yo pa te investi nan ak sipòte gason ak fanm k ap travay di nan kominote sa yo, k ap lite chak jou pou yo kreye yon kote pou vwazen yo ka elve timoun ak fanmi yo an bòn sante. Antanke yon ansyen ofisye lapolis ki te konn fè patwouy nan ri sa yo, ansanm ak yon gason ki te lite kont menm dyagnostik dyabèt Tip 2 ki mete anpil milye elektè mwen yo an danje, mwen santi konba sa yo pèsònèlman avèk menm klète m wè espwa pou yon demen miyò. Mwen felisite Eta a paske l ap fè investisman nou t ap tann depi lontan sa a nan sante ak byennèt rejyon santral Brooklyn lan, epi mwen espere travay an vrè patenarya avèk Albany pou nou asire Vital Brooklyn jwenn siksè tout Nouyòkè k ap konte sou li yo vle pou li a.”

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di, “Plan inovatif Gouvènè Cuomo genyen pou l kreye djòb nan Brooklyn lan se yon fòmil gayan ki pral non sèlman benefisye rezidan Brooklyn lan yo, men tout Nouyòkè yo tou. Avèk pwogram fòmasyon agrandi sa yo pou jèn yo ak nouvèl opòtinite devlopman sa yo, Vital Brooklyn sèten l ap bay kominote sa yo elan yo bezwen pou ede yo reyisi.”

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te di, “Byenke aksè a bon jan kalite sèvis swen sante ak swen prevantatif yo se eleman enpòtan pou sante, kreye yon kominote ki an sante mande plis toujou. Inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè Cuomo a se yon pwogram global k ap reponn a plizyè aspè lavi nan kominote a k ap afekte sante yo – lojman, edikasyon, anplwa, devlopman ekonomik, lwazi ak sekirite. Lè nou investi nan sektè yo te neglije ki te separe sa yo nan kad konsantrasyon sou byennèt la dwe ofri rejyon santral ak zòn nò Brooklyn yo opòtinite pou yo kreye ak mentni yon kominote ki an sante pou anpil jenerasyon k ap vini.”

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York la, Basil Seggos te di, “Vital Brooklyn se yon plan inovatif ki reponn a bezwen enpòtan kominote Santral Brooklyn lan. Lè nou pran yon apwòch global pou nou asire sante ak byennèt rezidan

Brooklyn yo atravè agrandisman espas ouvè ak espas lwazi yo, epi founi nouvell opòtinite pou enspire jenerasyon k ap vini yo pou yo vin lidè anviwonmantal, inisyativ Gouvènè Cuomo a pral ankouraje yon mòdvi an bòn sante pandan l ap kreye yon kominote ki pi dirab. Kòm konsekans, Vital Brooklyn pral amelyore anviwonman ak byennèt ak kalite lavi anpil milye Nouyòkè.”

Komisè Renouvèlman Lojman ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), RuthAnne Visnauskas te di, “Vital Brooklyn se apwòch enspire, agresif nou bezwen pou nou reponn a inegalite ekonomik ak sante k ap afekte kominote nou an yo atravè Brooklyn depi twò lontan. Inisyativ sa a se yon egzanp pou rès peyi k ap montre kijan nou kraze baryè ki anpeche aksè a lojman abòdab yo ak kreye yon kominote ki pi solid ak pi dirab pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou vizyon l ak lidèchip li bay inisyativ sa a epi mwen atann pou m travay avèk li pandan n ap mete pwogram anbisye ak inovatif sa yo an aplikasyon.”

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball te di, “Vital Brooklyn pral founi solisyon inovatif pou konekte kominote Brooklyn yo ak opsyon byennèt ki abòdab, dirab yo. Pwogram lan pral amelyore aksè a pwodwi alimantè lokal frèch, ki gen ladan kèk nan bon kalite pwodwi vejetal New York yo, pou ede tout rezidan yo mennen yon mòdvi ki pi an sante ak pi dirab. Mezi sa yo reflekte angajman san parèy Gouvènè a pran pou amelyore kominote Brooklyn lan epi mwen atann pou wè tout sa apwòch global sa a pral akonpli.”

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Rose Harvey te di, “Revitalizasyon Brooklyn lan, soti nan devlopman ekonomik rive nan kwasans popilasyon an te vrèman remakab. Inisyativ sa a pral ajoute sou siksè sa a pou l founi zouti ak resous ki nesèsè pou mentni sante kominote yo api ankouraje devlopman yo. Avèk Vital Brooklyn, Gouvènè Cuomo ap pran yon apwòch global anè sante ak byennèt yon zòn pou sipòte pwogrè ak transfòmasyon k ap kontinye fèt nan Brooklyn yo.”

###